

# ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ ÆМДЗÆВГÆТÆ АХУЫР КÆНЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ БАЦÆТТÆГÆНÆН КЪОРДЫ САБИТИМÆ

АЛАГИРЫ ДÆСÆМ РÆВДАУÆНДОНЫ
ИРОН ÆВЗАДЖЫ ХЪОМЫЛГÆНÆГ
ДЗГОЙТЫ ЗÆЛИНÆ

ДЗÆУДЖЫХЪÆУ, 2019 аз

ХЪОМЫЛГÆНДЖЫТЫ СТЫР ХÆС – СЫВÆЛЛÆТÆМ МАДÆЛОН ÆВЗАГМÆ УАРЗОНДЗИНАД ГУЫРЫН КÆНЫН, ИРОН АДÆМЫ КУЛЬТУРÆМÆ СÆ ФÆХÆЦЦÆ КÆНЫН.

«ИРОН ÆВЗАГ У ХЪУЫДЫЙЫ ÆМÆ ÆНКЪАРÆНТЫ ТÆККÆ ЛЫСТÆГДÆР ÆМÆ УÆЗДАНДÆР ФÆЗИЛÆНТÆ РАВДИСЫНМÆ ЧИ АРÆХСЫ, АХÆМ ÆНАИПП, РÆВДЗ ÆМÆ КОММÆГÆС ХОТЫХ.»

АБАЙТЫ ВАСО



**МАДÆЛОН ÆВЗАГ**

**АХУЫР КÆНЫНЫ ХЪУЫДДАДЖЫ**

**АХСДЖИАГ ФÆРÆЗТÆЙ**

**ИУ У СЫВÆЛЛÆТТЫ НЫХАСЫ**

**РÆЗТЫЛ КУЫСТ.**

**НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ АРХАЙЫНЫ**

**ФАРСТАЙЫ СÆРМАГОНД БЫНАТ**

**АХСЫ СЫВÆЛЛÆТТЫ ПОЭЗИИМÆ**

**ЗОНГÆ КÆНЫНЫ ÆМÆ ЙÆМ**

**УАРЗОНДЗИНАДЫ ÆНКЪАРÆНТÆ**

**СÆВЗÆРЫН КÆНЫНЫ КУЫСТ.**

КЪОСТА… ÆРМÆСТДÆР НОМÆЙ ХОНЫНЦ ИРОН АДÆМ ХЕТÆГКАТЫ ЛЕУАНЫ ФЫРТ КЪОСТАЙЫ. ИРОН ЛÆГÆН УЫЦЫ НОМ ЙÆ ЧЫСЫЛÆЙ ЙÆ АМÆЛÆТЫ БОНМÆ ВÆЙЙЫ ТЫРЫСАЙАУ. АЦЫ НОМ ЗÆГЪГÆЙÆ ЦÆСТЫТЫ РАЗ СЛÆУУЫ, ЙÆ ЦАРД ÆГАСÆЙ ДÆР ЙÆ АДÆМÆН ЧИ РАДТА, УЫЦЫ АРФÆЙАГ КЪОСТАЙЫ ЦАРДÆГАС СУРÆТ.



УАЦМЫСЫЛ КУСГÆЙÆ АРХАЙЫН ХЪÆУЫ ДЫУУÆ ХÆСЫ СÆХХÆСТ КÆНЫНЫЛ:

1. СЫВÆЛЛÆТТÆН БАМБАРЫН КÆНЫН УАЦМЫСЫ СÆЙРАГ ХЪУЫДЫ;

2. СЫВÆЛЛÆТТÆМ СÆВЗÆРЫН КÆНЫН АЛЫХУЫЗОН ÆНКЪАРÆНТÆ, УАЦМЫСМÆ ÆРГОМ РАЗДАХЫНЫЛ АРХАЙЫН, БАЙХЪУСЫНМÆ ЙÆМ СРАЗÆНГАРД КÆНЫН.



# БЕСЕДӔ –

# АХСДЖИАГ ХЪОМЫЛАДОН-АХУЫРАДОН МЕТОД.









ДЗЫРДУАТОН КУЫСТ – СЫВÆЛЛÆТТЫ АКТИВОН ДЗЫРДУАТ ПЪЛАНМÆ ГÆСГÆ АУÆРÆХ КÆНЫН ÆНÆЗОНГÆ КÆНÆ ЗЫНÆМБАРÆН ДЗЫРДТЫ НЫСАНИУДЖЫТÆ БАЗОНЫНЫ РУАДЖЫ.










ÆМДЗÆВГÆТÆ ЗÆРДЫЛДАРДÆЙ АХУЫР КÆНЫН У СЫВÆЛЛÆТТЫ ИНТЕЛЛЕКТОН, ХÆРЗУАГ ÆМÆ ЭСТЕТИКОН ХЪОМЫЛКÆНЫНАД.

ХЪОМЫЛГÆНÆДЖЫ ДЫУУÆ ХÆСЫ ÆМДЗÆВГÆ АХУР КÆНГÆЙÆ:

1. БАКУСЫН, ЦÆМÆЙ САБИТÆ ÆМДЗÆВГÆ БАХЪУЫДЫ КÆНОЙ ÆМÆ ЙÆ ДÆРГЪВÆТИН РÆСТÆГ СÆ ХЪУЫДЫЙЫ ДАРОЙ;

2. АРХАЙЫН, ЦÆМÆЙ СЫВÆЛЛÆТТÆ ÆМДЗÆВГÆ АИВ, ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆ ÆМÆ ÆНГАСДЖЫНÆЙ ДЗУРОЙ.



МНЕМОТЕХНИКӔ –

ӔМДЗӔВГӔ ЗӔРДЫВӔРДӔЙ

ТАГЪДДӔР САХУЫР КӔНЫНЫ

ГӔНӔН.












**НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ КУСГÆЙÆ, СТЫР ÆРГОМ ЗДАХЫН ХЪÆУЫ ДЗЫРДТЫ МЫРОН КУЛЬТУРÆМÆ.**

**МОБИЛОН ÆФТУАН «ИРОН ЧИНЫГ» – ХЪÆУГÆ ÆМÆ АХАДГÆ НЫРЫККОН ФÆРÆЗ СЫВÆЛЛÆТТЫ НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ КУСГÆЙÆ.**


Ирон чиныг
аудиочингуытæ æмæ аудиоспектаклътæ иронау
97% 11:20
ИРОН ФÆНДЫР
Балцы зарæг
Aa
АФЫСТ
НОМХЫГЪД
КÆСЫН
БАЛЦЫ ЗАРÆГ
Цæйут, æфсымæртау,
Радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ,
Ирыы лæппутæ!..
Скæнæм нæ тырыса
Дзыллæйы номæй.
Рухсмæ æнæзивæг
Цомут æнгомæй!..
Растдзинад уарзынæй
Скæнæм нæ фæндаг...
Гъе, мардзæ, магуса!
Фесæф, нæуæндаг!..
0:11
10
30
0:31
Ирон чиныг
ИРОН ФÆНДЫР
Нæуæг
Автор: Хетæгкаты Къоста
Чиныг кæсы: Бытъæты Роберт
НАРТЫ КАДДЖЫТÆ
Автор: Адæмон сфæлдыстад
Чиныг кæсы: Мерденты Юри; Икъаты Мæирбек; Сланты Къоста; Саламты Никъала; Темира...










**СЫВÆЛЛÆТТЫ УАРЗОН ИРХÆФСÆН –**

**МУЛЬТФИЛЬМ –**

**ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ**

**ÆМДЗÆВГÆТИМÆ ЗОНГÆ КÆНГÆЙÆ.**







аоуыэ инмлрбвгдзж ъ
яёюие пфктсшхцчщ ь




# РАВДИСÆМ НÆ АРÆХСТДЗИНАД!










































"КОСТА"
СРЕДИ ВОСПИТАННИКОВ
Грамота
УПРАВЛЕНИЕ ОБРАЗОВАНИЯ АЛАГИРСКОГО РАЙОНА
НАГРАЖДАЕТ
в конкурсе чтецов,
посвященный Дню рождения Коста Хетагурова
Начальник УО
Алагирского района
Директор МКУ ДО
А.К.Хадарцева





ÆВЗАГ У АДÆМЫ УД, ЗОНД, ЙÆ
КАД ÆМÆ ЙÆ СÆРЫСТЫРДЗИНАД!